

# Enfòmasyon Rapid Sou Avantaj Famasi NYS Medicaid ou a



## Men sa ou dwe konnen:

- NYRx, plan famasi Medicaid la kouvri preskripsyon ou yo.
- Ou ka itilize **Kat Idantifikasyon (ID) Medicaid ou a** oubyen **Kat Plan Sante** w la pou w ranpli preskripsyon w yo.
- Pifò famasi nan New York yo aksepte NYRx. Tcheke [health.ny.gov/NYRx](https://health.ny.gov/NYRx) ou w wè si famasi w la aksepte l.
- Pifò medikaman ak founiti, ki gen ladan bann tèz dyabetik yo, NYRx kouvri yo. Tcheke [health.ny.gov/NYRx](https://health.ny.gov/NYRx) pou w wè si yo kouvri medikaman ak founiti w yo, oubyen si yo bezwen apwobasyon doktè w la.

NYRx kouvri manm Medicaid yo, sa ki enkli si w enskri nan yon Plan Sante Medicaid Jere.

Si w gen kesyon sou avantaj NYRx ou yo, rele **NYS Medicaid Helpline:**

**(800) 541-2831**  
oubyen vizite  
[health.ny.gov/NYRx](https://health.ny.gov/NYRx)

Ou ka eskane kòd QR ki anba a tou

## VERITE RAPID

### Kisa NYRx ye?

Atravè NYRx, NYS Medicaid kouvri medikaman ak founiti ou yo lè li ranbouse famasi a dirèkteman, olye l peye plan sante w la.

### Èske mwen bezwen yon nouvo kat ID plan sante?

Non, ou pa bezwen yon nouvo kat ID pou NYRx. Famasyon an ka itilize plan asirans sante ou oubyen kat ID Medicaid ou ki valab la.

### Kisa k ap pase si famasi mwen an pa aksepte NYRx?

Si famasi ou itilize kounye a **pa** aksepte NYRx, ou kapab:

- Mande famasyon w lan pou l transfere yon renouvèlman medikaman nan yon famasi k ap patisipe.
- Mande doktè w la pou l voye preskripsyon w yo nan yon famasi k ap patisipe.

### Kisa ki rive si medikaman mwen yo ak/oubyen founiti mwen yo bezwen apwobasyon doktè mwen an?

Si medikaman w yo ak/oubyen founiti w yo bezwen apwobasyon doktè w, ou dwe:

- Pale ak doktè ou pou mande apwobasyon an; oubyen
- Pale ak doktè w la oubyen ak famasyon w lan pou konnen si gen lòt medikaman ak/oubyen founiti ki pa bezwen apwobasyon.

### Èske ou gen kesyon oubyen ou bezwen plis enfòmasyon?

Eskane kòd QR ki adwat la.

Oubyen kontakte **NYS Medicaid Helpline** nan: **(800) 541-2831**  
Lè fonksyonman Helpline: **Lendi-Vandredi 8AM - 8PM, Samdi 9AM-1PM**

